*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№96 (26548)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 3 июнь – хурхæтæны мæйы 3 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 РÆСТÆДЖЫ ХЪАЙТАР
*Æфсæддон журналист – Алексей Ивлиев*

3 ИРЫ ХÆЗНАДОНÆЙ
*Арфæйаг цард*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Теннис, шахмæттæ, баскетбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Хицауадæй**

## Æрвылбоны фарстатæм æркастысты



**РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырд амыдта йæ Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис. Хицауады уæнгтæ, ведомствæты разамонджытæ сæ хъуыдытæ загътой, сæ размæ сын цы фарстатæ сæвæрдта, уыдоны тыххæй. Ииуылдæр баст уыдысты нæ республикæйы социалон-экономикон рæзтимæ.**

Фыццаг фарста уыд кадртимæ баст. РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-комуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министры хæдивæгæй 2027 азы июны онг кусдзæн **Игорь Портнов.** Нæ республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæгæй та снысан кодтой **Махъоты Артуры**.

Социалон къабаз куыд ахсджиаг у, æмæ цавæр паддзахадон лæггæдтæ уыдзæн, уый тыххæй радзырдта нæ республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министр **Абайты Юри.** Сидзæр æмæ æвæгæсæгæй цы сывæллæттæ баззадысты, уыдонæн социалон æххуысы уæлæмхасæн зæрдæдарæнты тыххæй закъонмæ ивддзинæдтæ бахастой.

Æнахъомты ’хсæн барадхæлдтытæ æмæ æнæцæстдард уавæр ма ’руадзынæн мадзæлттæ аразыныл дæр министр дзырдта.

Æдæппæтæй нæ республикæйы 60 мин адæймаджы бæрц пайда кæнынц социалон лæггæдтæй.

«РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты рæзт»-ы паддзахадон программæмæ ивддзинæдтæ бахæссынил, стæй министрады дæлбар куыстуæтты кусджытæн мызд фидыны тыххæй фарста рæгъмæ рахаста министр **Фрайты Сослан**.

– Нæ республикæйы спорты рæзт, æнæниз цардыуаг сты фыццаградон фарстатæ, ницы сын æвгъау кæнæм, – бафтыдта Хицауады Сæрдар.

Рохуаты не сты хъæууон хæдзарады кусджытæ дæр. Республикæйы Хъæууон хæдзарады министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан** радзырдта, агротехнологон куыстытæ чи бакодта, экологон æдасдзинад æмæ мæры хъæздыгдзинадыл хъуыды кæнгæйæ, уыдонæн сæ хæрдзты иу хай субсидиты хуызы раттыныл. Зæгъæм, картофы, халсарты культуртæ, хæрзхъæд тауинæгты чи кæны, уыдонæн. Хицæн ныхас цыдис, æхсыры куыст чи кæны, уыдонæн дæр субсидитæ дæттыныл. Хицауады уыцы уынаффæмæ ивддзинæдтæ бахастой.

«РЦИ-Аланийы граждæнтæн æнцонвадат цæрæнуæттæ дæттын» – ацы паддзахадон программæйы домæнтæм гæсгæ æххуыс кæмæн æмбæлы, уыдоны номхыгъд дæр сфидар кодтой. Программæйы фæлгæты райсдзысты нысанмæ субсидитæ.

Тарниз æмæ ВИЧ-инфекцийæ хи бахъахъхъæнын, йæ рапарахат кæнын ма ’руадзынæн арæзт æрцыд ведомствæты ’хсæн къамис. Йæ номхыгъдмæ ивддзинæдтæ бахæссыныл дзырдта æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан**. Æмбырды ма ныхас цыд æндæр фарстатыл дæр.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Хæрзиуæг**

## Мад-хъæбатыры ном – не ’мзæххонæн

**Кремлы пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИН Сывæллæттæ хъахъхъæныны дунеон боны Цæгат Ирыстоны цæрæг бирæсывæллонджын мадæн ратта орден «Мад-хъæбатыр».**



Кремлы Екатеринаг залы паддзахады сæргълæууæг пандемийы фæстæ фыццаг хатт ратта хæрзиуджытæ бирæсывæллонджын бинонтæн. Орден «Мад-хъæбатыр» æмæ Ныййарæджы кады ном райстой нæ бæстæйы фараст бинонтæ. Уыдонæй иу уыд Рæмоны-фырты поселочы цæрæг **Кæркуысты Симæ** – йæ цардæмбал **Барисимæ** фынддæс сывæллоны чи схъомыл кодта, ахæм мад.

Симæ, йæ мидтыхст тыххæй уромгæйæ, микрофонмæ рацыд æмæ зæрдиаг арфæ ракодта паддзахады разамонæгæн, бирæсывæллонджын бинонтæм стыр æргом кæй здахы, уый тыххæй. Йæ ныхæстæм гæсгæ, уый йæхиуыл дæр æххæстæй банкъардта.

«Фæстаг рæстæг ды тынг бирæ хорздзинæдтæ аразыс бирæсывæллонджын бинонты фæрныгадæн. Мах уымæн стыр аргъ кæнæм, уымæн æмæ сывæллæттæ сты нæ паддзахады сомбон. Хуыцау дын бирæ хъарутæ, æнæниздзинад æмæ зонынджындзинад раттæд нæ бæстæйы хорздзинадæн», – загъта Симæ.

Ныртæккæ Кæркуысты бинонтæ хъомыл кæнынц 15 сывæллоны. Хистæртæ, 22-аздзыд фаззæттæ Давид æмæ Динæ ныййарджытæн æххуысхъом сты, кæстæр сабийыл та цæуы æртæ азы.

Фæбæрæг кæндзыстæм: закъонмæ гæсгæ «Мад-хъæбатыр»-ы ном лæвæрд цæуы, 10 æмæ фылдæр сабийы чи схъомыл кодта, ахæм сылгоймæгтæн.

«Бинонты бындур, сывæллæтты бахъахъхъæнын, хистæрты, ныййарджыты фæллойæн кад кæнын – уыдон сты, не ’хсæнад нын чи æнгом кæны æмæ иу фæлтæрæй иннæмæ лæвæрд чи цæуы, размæ цæуынмæ нын чи ахъаз кæны, ахæм хъуыддæгтæ, – загъта Президент.

Ам ма зæгъын хъæуы, 2017 азы нæ республикæйы Хицауад Кæркуысты бинонтæн, 100 квадратон метры кæм ис, ахæм æртæуатон фатер кæй ратта.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Президенты Указæй**

## Нысангонд æрцыд федералон инспекторæй



**Программæ «Хъайтарты рæстæг»-ы 312-æм архайæг, Илья Агаповы снысан кодтой Цæгат Ирыстоны федералон инспекторæй УФ-йы Президенты Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджын минæвары аппаратæй. Уый тыххæй фехъусын кодтой Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджын минæварадæй.**

**«Лæгдзинады дыууæ ордены кавалер, программæ «Хъайтарты рæстæг»-ы архайæг Илья Агапов нысангонд æрцыд Цæгат Ирыстоны федералон инспекторæй. 2024 азы Илья Агапов ссис программæ «Хъайтарты рæстæг»-ы фыццæгты архайæг. Уый уыдис Владимир Путины хъæппæрис, æмæ æххæстгонд цæуы паддзахадон разамынды уæлдæр скъола æмæ президентон платформæ «Уæрæсе-гæнæнты бæстæ»-имæ.**

**2026 азы фæци ахуыр. Агапов стажировкæйы ацыд УФ-йы Президенты Æххæстбарджын минæварады аппараты Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий Чайкайы разамындæй», – загъд ис хъусынгæнинаджы.**

**Илья Агапов райгуырд 1968 азы Новосибирскы. Службæ кодта Стъараполы крайы Буденновскы. Йæ лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинады тыххæй хорзæхджын æрцыд Лæгдзинады дыууæ орденæй, орден «Фыдыбæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй»-ы дыккаг къæпхæны майданæй цирхъытимæ, Жуковы майданæй.**

**Нæ уацхæссæг**

**Бастдзинад**

## Интернет – дæрддзæф хъæутæм дæр...



**Абоны царды æнæ цифрон технологитæй иу къахдзæф дæр акæнæн нал ис, æппæт фарстатæ дæр уыдон руаджы лыггонд цæуынц. Нæ республикæйы фæзуаты фылдæр хаймæ бахæццæ сты, фæлæ ма дзы баззад, уыцы æнцойдзинадæй чи нæма фæхай, ахæм чысыл дæрддзæф хъæутæ. Æмæ ныр уыдонæн дæр сæ рад ралæууыд.**

Ацы азы кæронмæ тагъд (мобилон) интернет фæхæццæ уыдзæн Садон, Комгæрон, Зынцъар æмæ Мæздæджы районы Октябрыхъæумæ. Уый тыххæй йæ телеграм-каналы фехъусын кодта регионы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Куыстытæ конд æрцæудзысты сæрмагонд программæйы фæлгæты, ивгъуыд 2025 азы уыцы чысыл хъæуты интернеты хыз фæзына, ууыл схъæлæс кодтой сæ цæрджытæ.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг куыд фæнысан кодта, афтæмæй 2021 азæй Цæгат Ирыстоны тагъд интернет фæзынд фараст чысыл дæрддзæф хъæуы. Куыд зæгъы, афтæмæй хъуыддаг ууыл не ’рлæудзæн. Хæстæгдæр фидæны республикæйы æппæт районты алы ранмæ дæр ахæццæ уыдзæн тагъд интернет.

Ам фæбæрæг кæнын хъæуы, национ проект «Бæрæггæнæнты экономикæ æмæ паддзахады цифрон ивддзинæдтæ»-йы федералон проект «Информацион инфраструктурæ»-йы фæлгæты республикæйы дарддæр æххæстгонд кæй цæуы фæскъау-оптикон бастдзинады хызты арæзтад, æмæ йæ фæстиуæгæн, цæрджытæм хæццæ кæны тагъд интернет.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Кæронмæ фæхæццæ кæны 2026 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныридæгæн «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет. Иннæтæн хъусын кæнæм, ацы мæйы кæронмæ ма газет рафыссæн кæй ис, уый.**

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы дыккаг æмбисæн газет «Рæстдзинад»-ы рафыссыны аргъ у 1717 сомы æмæ 16 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1396 сомы æмæ 56 капеччы.**

**Посты бастдзинады хайад ма куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссæн ис æмгъыдæй раздæр, йæ аргъ у 1448 сомы æмæ 46 капеччы. Уыимæ, льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеччы. Газеты индекс: 53901.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

### Дзырды фарн

*... зæронд ныхас...*
*лæппуйы зондæй хуыздæр у.*

*ГÆДИАТЫ Секъа*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **3 июны** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **6-22 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,11 | Хурыскаст — 04,24<br>Хурныгуылд — 19,35 | Валютæйы аргъ | Доллар — 71,37<br>Евро — 83,69 |

12 +

Рæстæджы хъæйтар

# Æфсæддон журналист – Алексей Ивлиев

**Медиафорумы архайгæйæ, Алексей ИВЛИЕВИМÆ фембæлд нæ уацхæссæгæн æнæнхъæлæджы рауад. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг кæй у, уый бæрæг уыд йе ‘ддаг бакастæй: æфсæддон уæлæдарæс ыл, риуыл – хæрзиуæджытæ, йæ цудгæ къахайстæй бæрæг уыд, цæфтæ кæй баййæфта, йæ галиу къухы бынаты – протез, йæ ныхас æмæ цæстæнгас – ныфсджын æмæ уæндон. Лæууыд æмæ ныхас кодта йе ‘мбæлттæ – æфсæддон уацхæсджытæ Гусейн ГУСЕЙНОВ, Фарид Муслимов æмæ Денис КУЛАГАИМÆ. Омар МАГОМЕДОВ (йæ хуыздæр æмбæлттæй иу, кусы Донбассы) дзы ракуырдта, цæмæй Дагестаны форумы экспертæй ныллæууа. Бæргæ нæ разы кодта, фæлæ, Лешæ, афтæ хъæуы, куы загъта, уæд йæ ныхмæ ницыуал бафæрæзта сдзурын. Хъæуы, уæд хъæуы!**


Дженнифер КОВТУН, Денис КУЛАГА æмæ Алексей ИВЛИЕВ



– Зоныс, ивгъуыд æнусы 30-æм азты Чапаевы тыххæй аивадон киноныв куы рацыд экрантæм, уый фæстæ лæппутæ иууылдæр тырныдтой уый хуызæн суæвынмæ. Юрий Гагарин космосмæ куы атахт, уæд бæллыдысты космонавттæ суæвынмæ, нæуæдзæм азты тырныдтой, цæмæй сæ банкиртæ, олигархтæ рауайа. Ныр бирæты фæнды, уæлдайдæр, фронтмæ хæстæг рæтты чи цæры, уыцы сывæллæтты, æфсæддон уацхæсджытæ суæвын. Хæсты тæлмы цаутæ ‘вдисынмæ тырнынц æрыгон чызджытæ, граждайнаг сылгоймаг уацхæсджытæ дæр. Семæ фембæлгæйæ, тырнын, цæмæй сæ фæнд аивой, уымæн æмæ, репортажты кæй уынынц, уый денджызон ленкгæнæг ихын хохы хуызæн у, уынгæ кæй кæнæм, дæс ахæмы та йæ дæлдон вæййы. Æнцон дзы нæу сылгоймæгтæн, бахъæуы сæ бронежилет скæнын, дронтæй хи æмбæхсгæйæ, бирæгай километртæ дугъы уайын. Уый та хид, цъыф, арæх туг æмæ мæлæт сты. Фæмард дзы нæ дзæбæх æмбал, рæсугъд, зондджын, курдиатджын Аня Прокофьева, – йæ хъæлæс базырзыр кодта, афтæмæй йæ ныхас æрлæууыд æмныхасгæнæгæн.

Алексей Ивлиев 2014 азæй уыд Донбассы. Славинскы быцæуы цауты фыццаг бонæй райдыдта йæ куыст æфсæддон уацхæссæгæй дзæнæты бадинаг хъæйтарон командир Моторолæимæ. Йæ репортажтæ цыдысты Сирийæ, фæцæф. Сæ фæстæ – Донецк æмæ Луганскæй. Дыууæ азы размæ июны мæй знаджы БПЛА-йы æрбатахтæй йæ къух йæхицæй нал уыд, цæф къах æфсæддон дохтыртæн куыддæртæй бантыст ныууадзын. Æрхуымæй дзырдта, бирæ азты кæимæ фæкуыста, уыцы оператор æмæ хæстон æмбал Валерий Кожин кæй фæмард уыцы хæстæрмæджы ‘рбатахтæй. Цыппæрдæсæй ма уыцы бон баззадысты æрмæст æртæйæ... Диссаджы ирвæзт акодтам, зæгъгæ, бафтыдта йæ ныхасмæ...

– Фæкæсын хуызистытæм. Цыппарæй уыдыстæм репортажтæ цæттæгæнæг къорды, дыууæйæ фæмард сты, мæхæдæг фæцæф дæн, Валентин Гвоздев ма кусы. Бирæтæ фæмард ме ‘мкусджытæй, æфсæддон журналисттæй. Фæлæ, уый нæ хынцгæйæ, æрыгæттæ тырнынц æфсæддон журналисттæ суæвынмæ. Журналистикæйы факультеты дæс студентæй фараст сты чызджытæ, сæ фылдæры фæнды хæстон цаутæ æвдисын, хæстон журналист суæвын. Кусын семæ, дзурын, амонын сын, уыцы уавæрты цы кæнæн ис, цы нæ фæтчы, уыдæттæ. Сæйрагдæр, уымæн фæархайын алыхуызон форумтæ æмæ конференциты, – зæгъы фæлтæрдджын журналист.


Фарид Муслимов, Алексей ИВЛИЕВ, Гусейн ГУСЕЙНОВ æмæ Денис КУЛАГА

Бæргæ, иу райсом куы райхъал уаиккам æмæ нæм дуне æндæр хуызы куы разынид, хæлар цæрынмæ тырнындзинад куы фæуæлахиз уаид æмæ адæмты ‘хсæн ахастдзинæдтæ куы банывыл уаиккой, эстойнаг куы зæгъид, уырыссагимæ цæрæнбонты æфсымæртæ стæм, зæгъгæ. Фæлæ уымæн нæма ралæууыд рæстæг, æнцад цæрын нæ кæй нæ ныууаддзысты, уымæ гæсгæ, æфсæддон уацхæсджыты архайдæн нырма бамынæг уæвæн нæй, сæ цæттæ кæныны куыст нырма ныр райдыдта. Фæлтæрддзинад та æнæмæнг хъæуы, журналист хъуамæ зона æмæ æмбара, сæвзæрд уавæры хи куыд даргæ у, уый.

– Æфсæддон уацхæссæг дæр хуымæтæджы уацхæссæджы хуызæн у, æрмæст, цы кæны, уый цырддæр. Стенд-апп фысгæйæ зона, кæм æй ис сисæн, цæмæй знаг ма базона, кæд æмæ кæм ист у, æппынкъаддæр рæстæг ыл кæй хъæуы бахардз кæнын, уый. Оператор цалдæр минутмæ хъуамæ сарæхса æнæмæнгхъæугæ кадртæ сисын, уацхæссæг та иу хаттæн сарæхса кадры йæ комментарий зæгъын. Фылдæр хатт сюжет сисынæн лæвæрд вæййы 10-15 минуты, уымæ гæсгæ ахæм рæттæм æрвыст цæуынц æвзаргæ журналисттæ. Иу хъуыддаг æрмæг бацæттæ кæнын у, иннæ – цы бынатæй йæ кæныс, уый æмбæрстгонд хъуамæ ма уа, науæд тæссаг уавæры бахаудзысты, цы ‘фсæддон хайæ йæ кæныс, уый хæстонтæ. Репортаж сисын хъæуы афтæ, цæмæй, уымæй размæ уыцы бынаты чи уыд, алы фæзилæн дæр дзы чи зоны, уыцы знаг ма раргом кæна æмæ йæ ма фæлтæра фæстæмæ бацахсын, – æфсæддон уацхæссæджы куысты сусæгдзинæдты иу хай нын раргом кодта Ивлиев. Бирæ фæзилæнтæ ис сæ куысты, сæйрагдæр та – æгасæй баззайын æмæ адæммæ рæстуд æрмæджытæ хæццæ кæнын.

Кавказ, зæгъы, стыр нæу, фæлæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи кусы, уыдонæн сæ нымæцмæ гæсгæ разæй цæуы. Хорз æмбарынц, куыд тæссаг у хæстон уавæрты кусын, фæлæ, уый нæ хынцгæйæ, æрбамбырд кæнынц сæ кусæнгæрзтæ æмæ ацæуынц, нæ царды сабырдзинад цæмæй ныффидар уа, ууыл чи архайы, уыдонмæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къамтæ**

Социалон фондæй

# Сывæллонджын бинонтæн – æххуыс

**Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад сывæллонджын бинонтæн кæны социалон æххуысы дæс хуызæй фылдæр.**

Амынд хайад æххуыс кæны дæсгай мин сывæллонджын бинонтæн. Паддзахадæй æххуыс райсыны бар кæмæ ис, ахæм бинонты нымæц æрвылаз фылдæр кæны, хъæугæ фиддонтæн гæххæттытæ аразыны хъуыддаг та хуымæтæгæй-хуымæтæгдæр кæнынц. Сабийы фæзындмæ æнхъæлмæ кæсыны заман, стæй йæ райгуырды фæстæ ныййарджытæн фидаргонд æрцыдысты иурæстæгон æмæ æрвылмæйон пособитæ.

Æнхъæлцаудзинады заман дæр фидæны ныййарджытæм ис паддзахадæй æхцайæ æххуыс райсыны бар. Ацы заман ныййарджытæн баххуыс кæнынæн Социалон фонды хайад æнхъæлцаудзинад æмæ арынады фæдыл пособи сæвæры. Пособийы бæрц аразгæ у мызды бæрцæй. Фонд нæкусæг сылгоймæгтæн пособи сæвæры фидаргонд бæрцæй.

Уымæй уæлдай, фидæны ныййарджытæм ис иумæйаг пособи райсыны бар дæр. Бинонты æфтиæгтæ æмæ фæкæсинагдзинады къæпхæн нымайгæйæ, иумæйаг пособи сæвæрынц æнхъæлцаудзинады 12 къуырийæ раздæр номхыгъдтæм бахæссыны заман. Ацы аз фиддоны бæрц у маймæ 9289-18579 сомы. Амынд пособи исынц 2200 сывæрджын сылгоймаджы.

Сабийы райгуырды фæстæ Социалон фонды хайад бинонтæн, се ’фтиæгты бæрц нæ нымайгæйæ, сæвæры 28450 сомы бæрц иурæстæгон пособи. Ацы пособи райсыны бар ис ныййарджытæй иумæ, науæд та – æвджидгæнæгмæ. Уыцы иу рæстæг кæд цалдæр сывæллоны фæзындысты, уæд сын алкæмæн дæр пособи фидынц. Ацы аз 1,4 мин бинонтæ сывæллоны райгуырды заман фæрæзтæ райстой.

Сывæллонил цалынмæ 17 азы нæ сæххæст уа, уæдмæ ныййарджытæм ис сывæллонæн æмбæлгæ иумæйаг пособийæн гæххæттытæ саразыны бар. 107 мин цæгатирыстойнаг сывæллонæй фылдæры ныййарджытæ ацы пособи исынц. Æрвылмæйон æхцайæ æххуысы бæрц у 8267-16534 сомы. Бинонты æфтиæгтæ æмæ сын сæ исбон нымайгæйæ, пособи сæвæрынц.

Цалынмæ ныййарæг 1,5 азæй кæстæр сабимæ зилыны фæдыл отпусчы ис, уæдмæ дæр бинонтæн æрвылмæйон пособи фидын æмбæлы. Кусынхъом ныййарджытæн ацы пособийы бæрц у мæймæ 10669 сомæй 83021 сомы онг. Пособийы бæрц у раздæры дыууæ азæн рæстæмбис мызды 40 проценты. Ныййарæг æнцой-уагъдæй куыстмæ æмгъуыдæй раздæр кæд рацыд, уæд дæр ын пособи фидын æмбæлы. Нæкусæг ныййарджытæн пособийы бæрц у 10669 сомы.

Ацы азы 1 июнæй фæстæмæ архайын райдыдта æххуысы ног хуыз – 18 азæй кæстæр æппынкъаддæр дыууæ сывæллонимæ (сывæллæттæ кæд бонæй ахуыр кæнынц, уæд та сыл цалынмæ 23 азы нæ сæххæст, уæдмæ) кусæг ныййарджытæн бинонты æрвылазон фиддон. Бинонтæн бафидынц раздæры азы тыххæй æфтиагæй физикон иуæгты æфтиагæн хыгъдон хъалоны бæрцы æмæ амынд æфтиаджы ‘хсæн нымад 6 проценты бæрц хъауджыдзинад.

Ныр бирæ азты дæргъы ныййарæджы капитал нымад у бинонтæн æххуысы хицæн хуызыл. Программæ архайын куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ 90 мин цæгатирыстойнаг бинонтæ сты сертификатты хицæуттæ.

Ацы аз фыццаг сывæллонæн (2020 азы 1 январæй фæстæмæ чи райгуырд, ахæмæн) ныййарæджы капиталы бæрц у 728921 сомы; дыккаг сывæллонæн (сертификаты бар кæд 2020 азæй фæстæмæ сæвзæрд, уæд) – 963243 сомы. Дыккаг сывæллоны райгуырды заман (фыццаг сывæллонæн ныййарæджы капитал кæд райстой, уæд) бафтауинаг æхцайы бæрц уыдзæн 234321 сомы.

Сертификаты фæрæзтæ бахардз кæнæн ис цæрæнуатон уавæртæ фæнывыл кæныныл, æмбырдгæнæн пенсийыл, инвалид-сывæллæттæ æхсæнадыл цæмæй сахуыр уой, ууыл, стæй æртæ азы онг 16534 сомы бæрц æрвылмæйон фиддоныл. 10 мин сомæй фылдæр чи нæу, ныййарæджы капиталæй баззайæг уыцы хай райсæн ис иурæстæгон фиддонæй.

Сывæллонджын бинонтæн æххуысы æппæт мадзæлтты тыххæй бæлвырддæр хабæрттæ базонæн ис Уæрæсейы Социалон фонды сайты мæнæ ахæм сæрмагонд хайады: **https://sfr.gov.ru/grazhdanam/semyam s detmi/.**

Фæрстытæ кæд баззадысты, уæд уæм ис Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центрмæ **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар фæдзурыны бар (Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – **9:00 сахатæй 18.00 сахаты онг, майрæмбоны та – 9.00 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг**).

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**


Интернетæй ист къам

## Æнæмæлгæ полкъ




КЪУБАЛТЫ Сандыр


КЪУБАЛТЫ Сергей


КЪУБАЛТЫ Таймураз


КЪУБАЛТЫ Талустан


КЪУБАЛТЫ Хасанбег


КЪУБАЛТЫ Хæтæхцыхъо


КЪУБАЛТЫ Шахан


КЪУБАЛТЫ Шачир


КЪУБАЛТЫ Язид


КЪУБАЛТЫ Ксеня


КЪУБАЛТЫ Батмырзæ


КЪУБАЛТЫ Михал

Иры хæзнадонæй

# Хъороты Егоры арфæйаг цард

**Кавказы бирæ уыд æмæ ныр дæр ис, фондзыссæдз азæй фылдæр чи фæцард, ахæм нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ. Лескейнаг Кцойты Хамби фæцард 155 азы, амард 1965 азы. Хæтæлдойнаг сылгоймæгтæ Елуаты Дзего æмæ Базыраты Любæйыл фæйнæ 115 азы куы сæххæст, уæд амардысты. Бирæ сты, дæргъвæтин цард чи фæкодта, уыдон.**

Хъороты Петкайы фырт Егор райгуырд 1800 азы Хуссар Иры Урстуалты Уæллаг Ерманы хъæуы. Мæлгæ та акодта 1968 азы – фæцард 168 азы. Уый тыххæй арæх фыста центрон мыхуыр дæр. Хъоройы-фыртмæ уыдис æвдисæндар. Уым бæлвырд фыст уыдысты, кæд æмæ кæм райгуырд, уыцы бæрæггæнæнтæ...

Зындгонд куыд у, афтæмæй Егор 1816-1827 азты хæринаггæнæгæй куыста паддзахы заман номдзыд инæлар, Бородинойы хъайтар, Кавказы наместник Алексей Петры фырт Ермоловмæ. Уымæн йæ галуаны хицау (дворецкий) Хъоройы-фыртæн ратта æвдисæндар, хæринаггæнæгæй цы азты бакуыста, уый фæдыл.

Цымæ номдзыд Ермоловмæ Егор хæринаггæнæгæй куыдæй бахауд?

Уыцы заманы ирæттæ бæхуæрдæтты Хъызлармæ арæх ластой алыхуызон уæзæгтæ уæй кæнынмæ. Иу заман Егор æмæ йæ фыд цыдысты Хъызлармæ. Амбæлд сыл инæлар Ермолов йæ хъахъхъæнджытимæ. Файтоны бадгæйæ, номдзыд инæлар фæкомкоммæ æрыгон хæрзконд лæппумæ. Бафарста йæ, кæмæй у, кæцæй цæуы? Фæлæ лæппу не 'мбæрста инæлары ныхæстæ æмæ æнцад лæууыд. Уæд инæлар хъахъхъæнджытæй иумæ фæдзырдта, æмæ йын уый йæ ныхæстæ ирон æвзагмæ ратæлмац кодта. Хъоройы-фырт загъта йæ ном, йæ мыггаг, æмæ афтæмæй базонгæ сты. Лæппу инæлары зæрдæмæ фæцыд, æмæ йæ фæстæдæр йæхицæн хæринаггæнæгæй райста.

Зæрдæргъæвд, æнæзивæг, фæллойуарзаг лæппу уырыссаг фæлтæрдджын хæринаггæнæджы фæрцы базыдта уырыссаг æвзаг. Фæстагмæ дзы рауад тынг дæсны хæринаггæнæг. Инæлармæ-иу йæхи 'мсæр уазджытæ куы 'рбацыдысты, уæд-иу сын хæринаг кодта ирон лæппу. Уазджыты-иу алыхуызон хæрзад хæринæгтæй куы сбуц кодта, уæд-иу фысым тынг раппæлыд Егорæй. Æрбацæуджытæ дæр-иу ын бирæ арфæтæ фæкодтой. Иуæндæс азы дæргъы – Ермоловы фæстæмæ Уæрæсемæ акæныны онг æм æнæзæрдæхудт куыст фæкодта ирон лæппу. Хъороты мыггаг, хъæубæстæ, хæстæджытæ, зонгæтæ сæрыстыр уыдысты Егорæй.

1956 азы журнал «Огонек»-ы уацхæссæг Мæскуыйæ ссыд Егоры бабæрæг кæнынмæ. Йемæ уыдысты францаг уацхæсджытæ дæр. Уыдон бирæ фæныхас кодтой зæронд дадаимæ. Ныхас йæ тæмæны куы бацыд, уæд Хъоройы-фырт тæлмацгæнæгыл фæгуырысхо, раст нæ тæлмац кæны, зæгъгæ, æмæ семæ йæхæдæг райдыдта дзурын францаг æвзагыл.

Уазджытæ, уыдонимæ – журналы уацхæссæг дæр, джихæй аззадысты, хохы цъасы чи райгуырд æмæ схъомыл, уый куыдæй базыдта францаг æвзаг, зæгъгæ. Егор сын куыд радзырдта, афтæмæй Ермоловмæ йæ сабиты хъомылгæнæгæй куыста францаг лæппу. Уый тынг балымæн йæхи карæн Егоримæ. Гувернант уæгъд рæстæджы Егоры ахуыр кодта францаг æвзагыл. Зæрдæргъæвд лæппу 2-3 азмæ базыдта æвзаг æмæ-иу йе 'мбалимæ æдæрсгæ дзырдта францагау.

Хъоройы-фырт йæ райгуырæн уæзæгмæ куы æрыздæхт, уæд лæггад кодта йæ хъæубæстæн, æнæхъæн комбæсты цæрджытæн дæр. Иу заман йæ хъæуккаг Джелыты Сандройы скъæтыл арт сирвæзт, æмæ сау æвзалы фестад. Мæгуыр лæг, мæ фос зымæг цы фæуыдзысты, зæгъгæ, катай кодта. Зæронд Егор хъæубæсты фæсивæды æрæмбырд кодта, бамбарын сын кодта хъуыддаг æмæ расидтис зиу. Æрыгон лæпптæ æмхуызонæй февнæлдтой æмæ дæс бонмæ скъæттæ ацарæзтой. Джелыйы-фырты фос уынджы къæйыл нæ баззадысты.

Егор цалынмæ йæ сæрæн уыд, уæдмæ хорз æххуыс кодта идæдз ус Гæхаты Зæрæдайæн, æнахъом цыппар сабийы мадæн йæ зæххы гæбаз ын бахуым кæнын, хъæбæрхор дзы байтауын, хор бафснайын, зымæгмæ суг фаг æрцæттæ кæнынмæ.

Уæдæ дугъты архайынмæ Егор йæ разæй никæй уагъта. Æмæ канд уыдæттæ нæ. Цин æмæ зианы балæггад кæнынмæ дæр йæхицæй лæгдæр нæ уыд.

Егоры хæдзар фосхъуаг никуы уыд. Дардта галтæ цалдæр цæды, хæрзмыггаг бæхтæ, хъуццытæ, фыстæ, сæгътæ, бирæ йæм уыдис алыхуызон мæргътæ. Уыдонæн холлæгтæ амал кæнын кастис йæхимæ. Сæрды дæргъы цæттæ кодта хос, хъæбæрхоры хъæмп. Быдырæй ласта нартхор, мæнæуы ссад. Цыбыр дзырдæй, Хъоройы-фырт йæ фæрныг хæдзар ницы хъуаг уагъта.

Хъæубæстæм-иу искуыцæй уазджытæ куы æрбафтыд æмæ-иу куы бафарстой, ам нын хуызыдæр фысым чи уыдзæн, зæгъгæ, уæд-иу ныхасы зæронд лæгтæ загътой, Хъороты Егорæй хуыздæр фысым кæй не ссардзысты. Уыдон дæр-иу Егоры фæрныг хæдзары дуармæ æрлæууыдысты. Уымæн та уазæгыл бацин кæнын амонын нæ хъуыд.

Егормæ бирæ хæттыты уыдысты дохтыртæ, фарстой йæ, цы хæры, цы нуазы, афтæ бирæ цæй фæрцы цæры...

Йе 'фсымæры фырты фырт Хъороты Дуби афтæ зæгъы:

– Æз æй арæх бæрæг кодтон йæ хæдзары. Уыдтæн-иу æвдисæн дохтырты фарстатæн. Егориу йæ мидбылты бахудт æмæ сын-иу загъта: «Фос, мæргътæ уымæн дарын, цæмæй мæхæдæг, бинонтæ хъуаг ма уой дзидза æмæ урсагæй». Ноджыиу дзырдта, кæй уарзы халсартæ, гагадыргътæ, кæрог, гæнгæлы, мыртгæ, цъуй, æхсæлы, саунæмыг, дзедыр æмæ æндæр ахæмтæ. Диссаг мæм-иу фæкаст, хæххон хъæуы чи райгуырд æмæ фæцард, уый карз ноэтимæ лымæн кæй нæ уыд. Куывды хистæрæн бадгæйæ, афтæ рæсугъд æмæ зæрдиагæй куывта, æмæ-иу ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Арахъхъæй-иу басидтис, нуазгæ та бæгæны кæнæ махсымæ (тæнæг къуымæл) кодта. Афтæ уыд хæдзары дæр: дойныйæн хуырх, мисын, бæгæны, къуымæл нозта.

Цуаны цыд къуыригæйттæ. Тамако йæ дзыхы никуы уыдис.

Хъороты Дуби æмæ йæ хистæр æфсымæр Дафайы ныхæстæм гæсгæ, Егор бирæ уарзта сабиты, æвдæлон рæстæг сæ-иу æрбамбырд кодта æмæ сын-иу аргъæуттæ, таурæгътæ дзырдта. Фæдзæхста сын: «Уарзут æмæ аргъ кæнут уæ ныййарджытæн. Хистæртæн лæггад бакæнынмæ зивæг макуы кæнут, фæкæсинаджы уæлхъусиу балæуут. Уæхи дарын зонут цины, зианы, карз ноэтмæ æввахс ма цæут. Бирæ уарзут фыдæлты уæзæг, ут ныфсджын, хъаруджын, фæллойуарзаг».

Уыдис ын чызг Клавдия. Смой кодта Соттитæм. Йæ лæг раджы амард, æмæ ус, хæстæджыты 'хсæн цæрон, зæгъгæ, Комгæронмæ ралыгъд æмæ дзы фæцард тынг зæрондмæ.

Йæ дыккаг усæн цот нæ уыд, æмæ дзы Егор ахицæн. Æртыккаг усæй йын райгуырд лæппу Мураткæ, фæлæ хæсты бацарæфтыд, бинонтæ скæнын дæр ын нал бантыст. Зæронд фыд тынг фæхъыг кодта йæ фыртыл. Уыдис ын цыппар æфсымæры: Хъæныз, Баймæт, Иуане æмæ Цамел. Алчидæр дзы фæцард 100 азæй фылдæр.

Егорыл 168 азы куы сæххæст, уæд бамбæрста, йæ адзал кæй æрбахæстæг, æмæ йе 'рвад Михойæн (дæсны уыд дурæй цыртытæ кæнынмæ) бабар кодта цырт ын скæнын. Цырт куы сцæттæ, уæд та скæнын кодта чырын, сахуырста йæ æмæ йæ дардта цары.

1968 азы Егор амард.

– Мæныл уæд цыдис 44 азы, – дзуры Дуби. – Зиантæм куыннæ цыдтæн, фæлæ зæрондмæ хохæй, быдырæй цæйбæрц дзыллæтæ сæнкъуысыдысты, уый бæрц адæм никуы федтон иу зианмæ æрцæугæ. Ныгæд æрцыд йæ фыд Петкайы фарсмæ уæлмæрды.

**КЦОЙТЫ Астемыр,**
**«Рæстдзинад»-ы архивæй**



*Интернетæй ист къам*

Адæймаг æмæ йæ хъысмæт

# Чи уыд Анна Тыц?

**Документалон кинонывв «Рæстдзинады фæндагыл. В направлении правды и справедливости» бавдыстой Уæрæсейы Историон æхсæнады хæдзары Мæскуыйы. Кинонывы æвдыст цæуы, сæрмагонд æфсæддон операцийы Цæгат Ирыстоны хæстонтæ сæ размæ æвæрд хæстæ куыд æххæст кæнынц, уый. Йæ режиссер Анна Тыц, хъыгагæн, æвирхъауæй фæмард Хуссар Ирыстоны 21 майы.**

Хуссар Ирыстоны Анна Тыц йе ‘мкусджытимæ бавдыста йæ кинонывв, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыцы хæстонты тыххæй.

Телекъорд, Стыр Леуахийы сæрты цы зæузæуаг хид ис, ууылты куы фæцæйцыд, уæд йе ‘мбæлттæй иу хид барæй батылдта. Анна æмæ нæлгоймаг доны ныххаудысты. Се ‘мбæлттæ лæджы уайтагъд рацахстой, фæлæ Аннайы знæт цæугæдоны æгъатыр уылæнтæ сæ хъæлæсы ахастой, æмæ йæ, кæм ныххауд, уымæй 35 километры дæлдæр ссардтой къорд боны фæстæ. Нæлгоймагыл уголовон хъуыддаг саразтой, йæ архайды фæстиуæгæн сылгоймаг кæй фæмард, уый тыххæй.

Кинонывы агъоммæ мадзалмæ æрбацæуджытæ бакастысты Анна Тыцы номарæн видеоæрмæгмæ.

«Ацы кинонывв – алы скъуыддзæгтæй конд хъæццул. Мах сæмбырд кодтам историтæ. Кæмæндæр – йæ цардæй иу бон, кæмæндæр – сахат, кæмæндæр та – иу минут. Ацы кинонывв – чысыл азфыст – 52 минуты стыр бæстæйы стыр историйы тыххæй. Уый ист у нæ сомбонæн», – Аннайы хъæлæс здæхт уыдис кинонывмæ кæсджытæм.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** та загъта: «Кинонывв сараздджытæ сты, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыдоны идæдзтæ. Уыдон, сæ хъынцъымы сæрты ахизгæйæ, сæхимæ ссардтой хъару æмæ сæ цардхъуаг цардæмбæлтты ном сæнусон кæныны тыххæй систой ацы лент. Хъыгагæн, кинонывы режиссер фæмард, æмæ хъыг кæнæм йæ хиуæттæ æмæ хæстæджытимæ. Йæ ном, ацы хорз хъуыддагмæ йе стыр бавæрæн рох нæ уыдзысты. Анна нын феххуыс кодта нæ хъайтарты рухс нæмттæ сæнусон кæнынмæ».

Хуссар Ирыстоны æвирхъауæй чи фæмард, уыцы 52-аздзыд Анна Тыц чи уыд, уый тыххæй газеткæсджыты лæмбынæгдæр базонгæ кæндзыстæм.

Уæрæсейы гражданкæ, Мæскуыйы бынгорæт Химкийы цæрæг Анна Захарян уыцы зæлдджын мыггаг Тыцы хицау сси йæ польшæйаг цардæмбалы руаджы. Анна йæ цард бабаста польшæйаг активист, раздæры пъæлицæйы кусæг Ежи Тыцимæ. Уый йæ царды фæстаг дæс азы хъазуатонæй архайдта йæ райгуырæн Польшæйы советон хæстонты цыртдзæвæнтæ банывыл кæнынил æмæ разамынд лæвæрдта мемориалон æхсæнад «Курск»-æн. 2020 азы Ежийæн лæвæрд æрцыд хæрзиуæг Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты ном сæнусон кæнынил стыр куысты тыххæй.

Сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæдæй Польшæйы хицауад Ежийы куыстæн цæлхдуртæ арæзтой, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг советон салдæтты сгуыхтдзинадыл кæй дзырдта, уый тыххæй йæм æрцахсынæй æртхъирæн кодтой, æмæ уый аххосæй йæ цæрæнбынат Уæрæсемæ, йæ бинойнаг Аннайы Райгуырæн бæстæмæ, раивта.

Уæрæсейы Ежи Тыц дарддæр дæр æмбырд кодта æрмæг, йæ райгуырæн Польшæйы чи фæмард, уыцы советон салдæтты тыххæй, стæй разæнгардæй æххуыс кодта сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн. Йе ‘мзæххонты фылдæр хайæ хъауджыдæр Ежи рахæцыд неонацизм скуынæг кæныны тыххæй сæрмагонд æфсæддон операцийы фарс, уымæн æмæ уыдта æмæ æгæр хорз зыдта, фашизм цы у, уый.

Операцийы райдайæнæй гыццыл фæстæдæр Ежи барвæндонæй тохы быдырмæ ацыд æмæ, йæ фæсномыг Зигмунд, афтæмæй хæцыд украинаг фашистты ныхмæ уæрæсейæгты рæнхъыты.

57-аздзыд польшæйаг бархион Зигмунд æбæрæгæй фесæфт фарон июны кæрон, фæлæ йæ хиуæттæ, кæй фæмард, уый базыдтой æрмæстдæр 2025 азы 21 сентябры.

Аннайы нæ уырныдта йæ уарзон цардæмбалы мæлæт, йæ зæрдæ дардта, æгас кæй у, ууыл. Йе ‘мбæлттæ йын йæ мард, карз хæстон быцæу кæм цыд, уырдыгæй тыххæй раластой æмæ йæ сæмбæлын кодтой, фæстаг цалдæр азы йæ уарзон бинойнаг Аннаимæ кæм цард, уыцы горæт Химкийыл. Ам, йæхи фæндонмæ гæсгæ, кадимæ ныгæд æрцыд фашизмимæ польшæйаг тохгæнæг Ежи Тыц.

Анна дæр, куыд йæ цардæмбал, хъазуатонæй æххуыс кодта сæрмагонд æфсæддон операцийы хæстонтæн, Ежиимæ истой документалон кинонывтæ фашизмимæ тохгæнджытыл, Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй райдай æмæ абоны онг. Ирыстоны Анна æвдыста йæ радон куыст – Ирыстоны фырттæй украинаг неонацистты ныхмæ чи тох кæны, уыдоны тыххæй документалон кинонывв.



**Æрмæг бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ,**

*Интернетæй ист къам*

Сагъæссаг фарста

# Чи сафы нæ чъириты фарн?

**Фæстаг азты нæ кувинаг чъиритæ канд æндæр адæмтæн нæ, фæлæ нæхи ирæттæй дæр бирæтæн систы æрмæст æхца кусыны фæрæз. Иугæр сæ кад дунетыл айхъуыст, уæд сæ алы ран дæр хæлофæй кæнынц æмæ æлхæнынц. Æмæ ма сæ куыд æмбæлы, афтæ куы кæниккой, уæд адæймагæн зын нæ уаид. Æндæр адæмыхатт, Ирыстоны чи никуы уыдис, уыдон цæмæй зонынц, æцæг чъири цавæр хъуамæ уа, уый.**

Æз æрвылаз дæр вæййын Хъырымы горæт Алуштæйы. Иу хатт денджызы былтыл фæцæуын. Иу ран авгæй витринæйы бын алыхуызон хæлцы фарсмæ мæ цæст æрхæцыд фыст «Осетинские пироги»-йыл. Цингæнгæ ныккастæн æмæ хорзау нал фæдæн. Ирон чъиритæ кæй схуыдтой, уыдон уыдысты пиццæтæ, чи - карчы дзидзайы кæрдихтимæ, чи – зокъотимæ, чи – кæсагимæ. Æз сын фæуайдзæфтæ кодтон, зæгъын, худинаг уæм нæ кæсы, хъазинаг нын цæмæ кæнут нæ табуйаг чъиритæй. Æмæ, дам, куыд зонæм, афтæ кæнæм.

Уыдон уым дыууæ азы дæргъы фæуæй кодтой «ирон чъиритæ», стæй сæ нал федтон. Фæлæ та уый фæстæ, иу æртæ азы размæ, уыцы горæты Горькийы уынджы иу бæстыхайыл дынджыр дамгъæтæй фæзынди фыст «Осетинские пироги». Мæнæн æхсызгон уыди, зæгъын, æвæццæгæн, нæхи ирæттæй ам чидæр кафе бакодта æмæ сæ, зæгъын, куы фенин. Бацыдтæн æмæ та цы федтон: æндæр адæмыхаттæй чи уыд, ахæм сау, æнæдаст лæг чысыл гуылгæндтæ тъæпæн кæны. Витринæйыл кæрæдзийы фарсмæ æвæрд гуылтыл фыст, чи дзы цæмæй у, уый: цыхтæй, зокъотæй, карчы фыдæй, джемæй... Æмæ сæм адæм рады лæууынц. Æз æй афарстон:

– Искуы Ирыстоны уыдтæ, ирон чъири федтай?

– Нæ уыдтæн æмæ нæ федтон, фæлæ мын сæ куыд бацамыдтой, афтæ сæ кæнын.

– Æмæ дæхи дукани у?

– Нæ, мæ узбекаг хæлары у, æз та йæ кусæг дæн.

Æз кастæн æлхæнджытæм æмæ хъуыды кодтон, зæгъын, тæригъæд не сты, æцæг ирон чъири чи никуы федта æмæ адоныл чи хæлоф кæны.

Уыцы дукани абон дæр уæй кæны «ирон чъиритæ», фæлæ сæ иу бафæрсæг дæр никуы вæййы. Уæдæ нын Хъырымы ирон диаспорæ æмæ минæварад дæр ис, фæлæ... Æз ныхас кодтон диаспорæйæ иуимæ ацы сагъæссаг фарстайы фæдыл. Куыд мын загъта, афтæмæй сæ бон ницы у саразын. «Искæмæн йæ бизнес куыдæй сæхгæнын кæндзынæ, закъонæй дæм уыцы бар лæвæрд куы нæ уа, уæд» – уыд йæ ныхас. Кæй зæгъын æй хъæуы, раст у. Уый тыххæй нæ Хицауад куы ницы закъон, куы ницы официалон уынаффæ рахæссой, уæд дæм чи байхъусдзæн?

Нæ национ хæринæгтæ æмæ дзаумæттæй кæцыдæртæн сæрмагонд патент саразынил ныхас рагæй цæуы, фæлæ абоны онг дæр конд ницы ‘рцыди. Уый куы уаид, уæд, ивартæй тæрсгæйæ, нæ чъиритæй афтæ парахатæй æхца нал кусиккой, кæнæ та сæ, куыд æмбæлы, афтæ кæниккой.

Бафиппайын хъæуы уый, æмæ нæхимæ дæр ахæм амалгæнджытæ кæй фæзынди. Джемæй кæй скæнай, уый чердæм ирон чъири у? Уый у, алы адæмыхатт дæр кæй кæнынц, ахæм адджинаг, æмæ дзы туристты уæддæр куынæуал саиккой. Стæй канд уый нæ. Дзæуджыхъæуы иу кафемæ бацыдыстæм, æмæ цæхæраджын скæнын бафæдзæхстон. Æрæгмæ йæ куы хастой, уæд къæбицмæ бакастæн: чъири скæныныл архайдта, æндæр адæмыхаттæй чи уыд, ахæм лæг. Æз æм мæ къух дæр нал бакодтон. Уыцы «æфсины» конд чъиритæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æлхæнынц кувынмæ дæр. Нæлгоймаг йæ къух цы кувинаг хойраджы нытътъысса, уымæй ма дæ хæдзары дæ Хуыцауы хаймæ куыд кувыс?..

Диссаг ма мæм уый кæсы, æмæ йæ хæдзары чъиритæ кæй ничиуал кæны. Адæмæн сæ фылдæр афтæ зивæггæнаг систы, æмæ фых айк æмæ кас дæр æлхæнгæ кæнынц. Æмæ, чъиритæ æнæуи хæрынæн куы балхæнай, уæддæр ма уыйас хъыг нæу, фæлæ, сылгоймаг чи хуыйны, йе ‘нæниздзинад кæмæн амоны, уый бæрæгбоны, уæлдайдæр адæмон бæрæгбоны, йæ хæдзармæ кафейы конд чъиритæ, фылдæр хатт маннæйы къурупаимæ змæстæй куыд хъуамæ æрбахæсса?

Æхсызгон дæм куыд нæ хъуамæ кæса, дæ хæдзары дæхи конд чъиритæй дæ бæрæгбоны фарн куы фæтыхджындæр кæнай, уый. Бынтон диссаг та уый у, æмæ сын сæ ном кæй сдзырддаг кодтой. Чъири, дам, гуырдзиагау «низ» амоны. Æмæ гуырдзиаг æвзаг ирон æвзагмæ цы бар дары? Ныр уыдонмæ афтæ амоны, æмæ мах уый тыххæй нæ ирон хойраджы ном аивæм?

Алы ирон лæг дæр бæрæгбæтты йæ хæдзары конд æртæ чъирийæ куывта Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæм, фæдзæхста сыл йæ бинонты, йæ адæмы. Уый уыд нæ кæстæртæн стыр зонды скъола. Нæ дин, искæй исты уырны æви нæ, уæддæр уый у нæ культурæ, нæ истори, нæ фыдæлтæй баззайгæ хæзна, æмæ йæ нымайын хъæуы. Æмæ йæм æлхæнгæ чъиритæй кувæн нæй, уымæй адæймаг йæхи æгад кæны...

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**



Спортивон фидиуæг



**Теннис, шахмæттæ, баскетбол**

# Ахæм ерысты фæхæрдуæвæг нæ вæййы

**Дзæуджыхъæуы мæй æмæ 'рдæджы бæрц цæудзысты паддзахадон федералон муниципалон кусæнуæтты архайджыты спартакиадæйы ерыстæ спорты æхсæз хуызæй.**

Спартакиадæ аразæг у РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад æмæ конд у паддзахадон программæ «Уæрæсейы спорт»-ы фæлгæты. Йæ нысан у физикон культурæ æмæ спорт парахат кæнын, æнæниздзинад фидар кæнын.

Спартакиадæйы ерысты архайынц 22 азæй фылдæр кæуыл цæуы, уыцы граждайнаг æмæ муниципалон кусджытæ.



Ивгъуыд къуыри ерыстæ уыдысты шахмæттæ æмæ теннисæй. Дыууæ хуызæй дæр спортуарзджыты ерыстæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ. Куыд шахмæттæй, афтæ теннисæй хъазджыты 'хсæн дæр уыди цалдæргай хорз цæттæ спортуарзджытæ. Разæй ма сты ерыстæ цыппар хуызæй. 6-7 июны спартакиадæйы уæлахиздзаутæ бæрæггонд æрцæудзысты баскетболæй хъазгæйæ, 19-20 июны ерыстæ цæудзысты рог атлетикæйæ, 26-29 июны сæ дæснйдзинад æвдисдзысты, футболисттæ мини-футболæй хъазгæйæ, 11-12 июлы та рабæрæг уыдзысты, ленк кæнынмæ сæрæндæр чи у, уыцы паддзахадон, граждайнаг æмæ муниципалон кусджытæ.

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын суыдзысты майдантæ, дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй.

Командон ерысты фæуæлахизуæвджытæн ма, уымæй уæлдай лæвæрд цæудзысты кубоктæ.

**РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрады пресс-службæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Бафæзминаг сыхбæстæ

**Хорз сыхаг хурæмдых у. Сыхагæй амонд – Хуыцауы арфæ. Адæймаг хурыскасты разæй дæр йæ сыхаджы фены æмæ йыл бацин кæны. Æмæ ма бирæ æндæр арфхъуыдыджын ныхæстæ баззад нæ куырыхон фыдæлтæй хорз сыхаджы тыххæй.**

Хорз сыхаг хурæмдых у. Сыхагæй амонд – Хуыцауы арфæ. Адæймаг хурыскасты разæй дæр йæ сыхаджы фены æмæ йыл бацин кæны. Æмæ ма нын бирæ æндæр арфхъуыдыджын ныхæстæ баззад нæ куырыхон фыдæлтæй хорз сыхаджы тыххæй.

Æмæ, æцæгæйдæр, адæймагæн зын сахаты, фыццаджыдæр, йæ хорз сыхаг æрбалæууы йæ фарсмæ. Æххуысы къух æм йæ мадызæнæджы разæй дæр уый бадары. Царды хорзæхтæ æнцондæр смадзал кæнæн сты, адæймгæй – адæймаджы, сыхагæй – сыхаджы 'хсæн хæлардзинады тæгтæ фидар куы уой, уæд. Ахæм бæллиццаг ахастдзинæдты охыл бафæзминаг сты, Ирыстоны рагондæр хъæу – Зилгæйы Хуры сыхы цæрджытæ. Ацы сыхбæстæ, фыдæлтæй баззайгæ æгъдæуттыл къæм абадын нæ уадзынц. Цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц нæ удварны хæзнатæ. Зилгæйы хъæуы, ацы сыхы бирæ азты дæргъы фæцард мæ мадызæнæг хо – Æхсараты-Фæрниаты Ирæ. Æнгомой, уарзонæй, сæ цæхх, сæ кæрдзын сын-иу кæддæриддæр уыд иумæйаг. Фæлæ, дам, зæххон цардæй æнæмæлгæ дуне нæй. Хорз хабæрттæ хъусут, зынаргъ газеткæсджытæ. Хъыгагæн, мæ мадызæнæг 2025 азы уалдзæджы йæ зæххон цардæй ахицæн. Æмæ, уæлдæр цы сыхбæсты кой кæнын, уыдон, нæлгоймагæй-сылгоймагæй, хистæрæй-кæстæрæй афæдзæй-афæдзмæ цы æнæзивæг фыдæбон фæкодтой, уый ницавæр бæрцбарæнтæй сбарæн ис. Ирон æгъдаумæ гæсгæ, зианы кæндтæ бирæ сты, æмæ ацы сыхбæстæ мæ хойы бинонты раз афæдзæй-афæдзмæ цырагъау фæлæууыдысты. Алчидæр сæ сыгъдæг цæсгомæй йæ фыдæбоны хай кодта, алчидæр йæ хæсыл нымадта æххуысы къух бадарын сæ сыхæгтæм сæ зыны рæстæг. Æмæ ирондзинад куыд домы, афтæ æмархайдæй бæлвырд, биноныг конд цыд алцыдæр. Никуы, ницавæр кæнды рæстæг бахъуыд зианджын бинонты, мæнæ бирæ рæтты куыд кæнынц, афтæ æххуырст фыдæбонгæнджыты æрбахонын. Алцыдæр кодтой сыхбæстæ. Никуы федтон æз мæ мадызæнæджы кæндтытæй никæцыйы – нæдæр хæрнæджы, нæдæр иннæ хистыты, кæмдæр конд кæрдзынтæ хæлар кæнгæ. Алкæд дæр-иу сæ хорз сыхæгтæ, бæркадкъух æфсинтæ Берuаты Фиалетæ, Мелыкаты Оксанæ, Димиты Светæ, Димиты Беллæ зианджынты хæдзары уæларынг балæууыдысты æмæ – иу сæ конд хæрзад ирон кæрдзынтæй, алыхуызон æндæр хæринæгтæй фынгтæ уыдысты се дзаг. Никуы бахъуыд мæ хойы бинонты фынгтæ бæлвырдгæнджытæ æххуырсын дæр. Сыхбæсты кæстæртæ – кæстæриуæггæнджытæ-иу æвзараздæрæй, æвзфылдæрæй бæлвырд кодтой фынгтæ. Гъе, ахæм хæрзуд, хæрзхъæд, хæрзæгъдау, бафæзминаг адæм цæры Зилгæйы Хуры сыхы. Хуры сых дæр сæ дзæгъæлы нæ рахуыдтой. Куыд федтон æмæ базыдтон, афтæмæй кæрæдзиуыл сты æнувыд, сæ фæлмæн, цæстуарзон ахастдзинадæй хуры тынтау кæрæдзийы тавынц. Се 'ппæтыл дæр мæ хо цардаудæн кæнæд.

Ирон æгъдау, цæстуарзондзинад, хæлардзинад сты, нæ куырхон фыдæлтæ нын цы хæзнатæ ныууагътой, уыцы цардыуаджы ахсджиаг миниуджытæ. Æмæ сын сæфт макуы уæнт! Ацы æнгом сыхбæсты цæрджытæн Æхсараты бинонты, хиуæтты, хæстæджыты номæй зæгъын стыр бузныг! Мæ зæрдæ сын зæгъы, фыццаджыдæр, фидар æнæниздзинад! Бинонты амонд æмæ фæрныгад! Дунесфæлдисæг сыл аудæд, йæ бирæ хæрзтæй сæ хайджын кæнæд!

Зынаргъ Хуры сыхы цæрджытæ, Иры зæдтæ ахæм арфæ ракæнæнт æмæ, Æхсараты бинонтæ та уын уæ хорз хъуыддæгты, уæ цинты лæггадгæнæг куыд уой!

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

Бакæс, базон

# Фыццаг аленк кодта

**Евразийы алывæрсты фыццаг хатт чи æмæ кæд аленк кодта?**



1878-1879 азты Арктикæйы швециаг иртасæг æмæ денджызон бæлццон Нильс Адольф Эрик Норденшельд (1832-1901 азтæ) нау «Вегæ»-йыл Атлантикон фурдæй Сабыр фурдмæ Цæгатаг-Скæсæйнаг бацæуæныл (Европæ æмæ Азийы цæгатаг былгæрæтты ленк кæнгæйæ, стæй Чукоткæйы былгæрæтты зымæг арвитгæйæ) фыццаг хатт аленк кодта æмæ 1880 азы Суэцы къанауыл Швецимæ æрбаздæхт, афтæмæй фыццаг хатт æппæт Евразийыл æрзылд.

# Тагъдадæй рекордсмен

**Дыууæ къахæй цæугæйæ, тагъдадæй рекордсменыл кæцы цæрæгой нымад у?**



Диссаг уæм ма фæкæсæд, фæлæ æппæт цæрæгойтæй дыууæ къахæй æппæтæй рæвдздæр згъоры нæтæхаг маргъ. Ныхас цæуы африкæйаг страусыл. Ацы маргъ йæ хъомысджын дыууæнгуылдзон къæхты фæрцы 15-20 минуты дæргъы равдисы сахатмæ 50 километры бæрц тагъдад. Тугдзых сырдтæй згъоргæйæ, ацы маргъæн цыбыр рæстæгмæ йæ тагъдад схæццæ вæййы сахатмæ 55-70 километрмæ.

Фестиваль

# Хæринæгты бæрæгбон – хæлардзинады тæгты

**Цалдæр боны размæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты экономикæ æмæ управленийы факультеты уыд адæмон хæринæгты фестиваль «Гарнирæн та – хæлардзинад». Чи йæ бабæрæг кодта, уыдонæй алкæмæн дæр уыдис фадат алыхуызон хæринæгтæй саходынæн, куыд сæ цæттæ кæнын хъæуы, уыцы традицитимæ бæстондæр базонгæ уæвынæн.**



**Фестиваль саразджытæ уæлдай æргом аздæхтой йæ культурон программæмæ, уый фæрцы уыцы цымыдисаг мадзал ацыд адæмты хæлардзинады æмæ студентты иудзинады уавæры.**

**Фестиваль уæлдай тынгдæр сахадыдта, Уæрæсейы Адæмты иудзинады азы арæзт кæй æрцыд, уымæй. Факультеты декан Геннадий Родионов куыд бафиппайдта, афтæмæй фестиваль банымайын æмбæлы канд гастрономон бæрæгбоныл нæ, фæлæ ма алы адæмыхæттыты минæвæртты кæрæдзиуыл бæттыны ахсджиаг æууæлыл дæр.**



Хорз хъуыддаг

# Студенттæ æмæ æрыгон ахуыргæнджытæн – æххуыс

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты байгом сывæллæтты клуб æмæ йæ куыст кæндзæн психолого-педагогон факультеты бындурыл.**

Ацы цау у, республикæйы раздæр чи никуыма уыд, ахæм. Проекты нысан у, ахуыр кæнæ йæ дæсныйадмæ гæсгæ чи кусы, афтæмæй уыцы-иу рæстæг, скъоламæ чи нæма цæуы, ахæм гыццыл сывæллæтты чи хъомыл кæны, уыцы студенттæн, ахуыргæнджытæн æмæ университеты æндæр кусджытæн æххуыс кæнын.



Клуб æрбынæттон уæлдæр ахуыргæнæндоны æмдзæрæны фыццаг уæладзыджы. Йæ гæнæнтæм гæсгæ дзы уыцы-иу рæстæг дзы ис дарæн 15 сывæллонæн. Клубы ис ныййарæг æмæ сывæллоны уат, сывæллæттæн хъазæн бынат, мультипликацион студи, ахуыргæнæн уат, стæй, се 'нæниздзинадмæ гæсгæ сæ авналæнтæ цыбыр кæмæн сты, ахæм сывæллæтимæ кусыны фадат кæм ис, ахæм уат дæр.

– Гыццыл сывæллæттæ чи хъомыл кæны, уыцы студенттæн æмæ ахуыргæнджытæн ацы клуб у стыр æххуыс. Алкæмæн нæ вæййы сывæллоны рæвдауæндонмæ раттыны, науæд та йæ кæм кæнæ кæимæ ныууадзой, ахæм гæнæнтæ. Ныр ныййарджытæн сæ бон у сæ сывæллоны семæ æрбакæнын, æмæ йæм сæ зæрдæ не 'хсайдзæн. Уымæй уæлдай, сывæллæтты клуб суыдзæн психолого-педагогон факультеты студенттæ æмæ ахуыргæнджытæн практикон фæз, уымæн æмæ дзы уыдзæн сывæллæттимæ кусыны хорз æмæ хъæугæ гæнæнтæ. Фидæны специалисттæн та уыдзæн, сæ равзæрст дæснийады фæлтæрддзинад исыны ахæм замманай гæнæнтæ, – загъта университеты ректор **Огъуаты Алан.**

Сывæллæтты клуб байгом федералон æххуысы руаджы, университетæн йæхи æнæбюджетон фæрæзты, стæй УФ-йы Паддзахадон Думæйы депутат **Мæхъиты Зурабы** æххуысæй. Проект царды уагъд цæмæй æрцæуа, уый тыххæй йын радих кодта милуан сомы.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

*Интернетæй ист къам*


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Уважаемые жители республики!**

**Управлением фиксируется наращивание подрывной деятельности украинских спецслужб. Наряду с активизацией работы мошеннических «колл-центров», противник все чаще использует нанимаемых им злоумышленников для устрашения российских должностных лиц, военнослужащих и их родственников посредством организации демонстративных акций по местам жительства и работы (нанесение на входную дверь и автомобили красной краски, угрожающих надписей и т.д.).**

**Для организации акций спецслужбы привлекают граждан РФ на возмездной и безвозмездной основе, путем оказания предельного психоэмоционального давления, достигаемого за счет создания иллюзии тотального контроля, осведомленности о персональных данных жертвы, близких родственников, после чего переходят к шантажу и угрозам расправы, в случае невыполнения своих преступных указаний по организации диверсий и акций устрашения.**

**При поступлении звонков от неизвестных лиц игнорируйте их и не поддавайтесь на провокации.**

**О фактах склонения к совершению преступных действий необходимо сообщать в правоохранительные органы по телефонам:**

**– УФСБ России по РСО-Алания: +7(8672)597-311;**

**– МВД по РСО-Алания: +7(8672)596-502 (либо 02, с мобильного: 102).**

***Пресс-служба УФСБ России по РСО-Алания***

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 574. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**